



Pou Piblikasyon Imedya: 27/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL, OTORITE PÒTYÈ A AK LAGUARDIA GATEWAY PARTNERS
ANONSE FINISMAN KONTRIKSYON NOUVO ENSTALASYON YO NAN TÈMINAL
B KLAS MONDYAL LA NAN AYEWOPÒ LAGUARDIA**

*Finisman nouvo enstalasyon pou pasaje yo make yon gwo etap nan
transfòmasyon Tèminal B a ki koute 4 milya dola*

*Kounye a tout pasaje Tèminal B yo pral konn "Yon LaGuardia Tou Nèf" avèk
nouvo pòt anbakman, gran galri, ak komodite klas mondyal*

*Avèk ouvèti dezyèm pasrèl la LaGuardia vin premye ayewopò nan lemond ki gen
pasrèl doub pou pyeton*

*Tèminal B gen rekonesans entènasyonal UNESCO kòm pi bon nouvo ayewopò
nan lemond*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul, Direktè Egzekitif Otorite Pòtyè (Port Authority) New York ak New Jersey a Rick Cotton, ak Prezidan-Direktè Jeneral LaGuardia Gateway Partners Frank Scremin te selebre finisman nouvo enstalasyon yo nan Tèminal B Ayewopò LaGuardia, ki make yon gwo etap nan transfòmasyon tèminal la ki koute 4 milya dola. Finisman ak ouvèti pasrèl lwès Tèminal B LaGuardia a, ak ouvèti an desanm dezyèm galri Tèminal B a, vle di chak pasaje ki rive ak k ap pati nan Tèminal B ap wè achitekti ak enstalasyon 21yèm syèk ki fèk bati depi nan pòt anbakman an rive sou twotwa. Yo pral wete nan sèvis kounye a tout pasaj pou pyeton pwovizwa ki te nan tèminal la dis samdi 29 jan. Avèk finisman dezyèm pon pou pyeton an, ki pral janbe yon vwa sikilasyon avyon aktif, Tèminal B vin tounen tou premye ayewopò nan lemond ki gen pasrèl doub pou pyeton.

"Transfòmasyon ayewopò LaGuardia an yon destinasyon klas mondyal ki gen rekonesans entènasyonal pou bote li se yon pati antye nan vizyon konsekan nou an pou yon nouvo epòk nan New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman pwojè 4 milya dola sa a pral ede pote yon eksperyans pasaje tou nèf pou tout moun k ap vwayaje pase pa Tèminal B, li pral fasilite koneksyon epi kreye enpresyon dirab. Konpliman pou tout moun ki te rann etap enpòtan jodi a posib antan n ap kontinye kreye yon ayewopò LaGuardia tou nèf ki diy New York. "

Tèminal B te resevwa Pri Versailles UNESCO a an desanm kòm "Pi Bon Ayewopò nan Lemond" nan men yon panèl achitèk trè kalifye ajans Nasyonzini an te rasanble Nouvo Tèminal la gen ladan 1.35 milyon pye kare nouvo enstalasyon tèminal e li gen 35 pòt anbakman, yon pakin ki pran 3,000 machin, ak nouvo enstalasyon kouvri kote li fasil pou pran ni taksi ni machin pataje. Tèminal la ofri magazen kategori siperyè, anpil restoran, travay atistik k ap fè moun gaga ak komodite k ap pote yon eksperyans vwayaj 21yèm syèk klas mondyal pou kliyan yo. Tout amelyorasyon nan wout li yo ak konstriksyon ensfrazrikti pou sipòte li yo te fèt antan tèminal la te kontinye ap fonksyone nèt pandan travay sa yo. Avèk travay enteryè a ki fini kounye a nan Tèminal B, yo wete nan sèvis ti pòsyon ki te rete a nan ansyen Bilding Tèminal Santral la (Central Terminal Building) e yo pral kraze li, e demolisyon an sipoze fini disi prentan 2022.

Direktè Egzekitif Otorite Pòtyè a, Rick Cotton, te deklare, "Anons jodi a make finisman nouvo enstalasyon pou pasaje nan Tèminal B Ayewopò LaGuardia a, ki te jwenn nominasyon Pri Versailles 2021 prestijye UNESCO a dènyèman kòm Pi Bon Nouvo Ayewopò nan Lemond. Nan pwendvi pasaje, ansyen LaGuardia a pa la ankò. Nou kite pi mal pou vin pi bon, yon bagay pèsonn pa ta panse ki posib lè pwojè sa a te kòmanse. Tèminal B kreye yon eksperyans kalite siperyè pou pasaje yo e li fè sa nan kontèks achitekti klas mondyal, travay atistik piblik ki pote enspirasyon ak konsesyon remakab, anblematik, ki gen enspirasyon lokal."

Prezidan Otorite Pòtyè a, Kevin O'Toole, te deklare, "Otorite Pòtyè a rete angaje nan amelyorasyon eksperyans kliyan li yo nan tout reyon an, e isit la nan Ayewopò LaGuardia nou wè yon eleman enpòtan nan rekonstrikasyon an ki prèske fini. Konsepsyon Tèminal B a, an kolaborasyon avèk pati enterese pi enpòtan yo, kreye yon anviwònman klere, akeyan pou vwayajè yo, liy ayeryèn yo ak anplwaye ayewopò yo. Tout ekip LaGuardia a nèt te travay san pran souf pou bati yon enstalasyon klas mondyal nan Tèminal B a e nou pa ta ka pi fyè."

Kajistra Vil New York la, Eric Adams, te deklare, "Li lè pou fè Vil New York mache ankò, e yon ayewopò klas mondyal isit la nan Queens pral ede nou fè sa. Se yon LaGuardia tou nèf, e mwen vle remèsye Gouvènè Hochul, Otorite Pòtyè a, ak tout kolaboratè nou yo ki te ede sa fèt. Se konsa nou 'Fè Bagay Yo Fèt' ansanm."

Prezidan Konsèy Minisipal la Adrienne Adams te deklare, "Renovasyon Tèminal B a ki fini an make yon gwo etap nan transfòmasyon Ayewopò LaGuardia an yon enstalasyon klas mondyal ki ka fè fyète tout moun New York ak vizitè menm jan an. Kòm youn nan pòt antre pi enpòtan yo nan New York, yo repanse Ayewopò LaGuardia a kòm yon ayewopò ki bèl, modèn, ak akeyan, e anons jodi a se yon gwo pa nan finisman an. Mwen remèsye Gouvènè Hochul, Otorite Pòtyè New York ak New Jersey, ak LaGuardia Gateway Partners pou angajman yo nan rebati enfrazrikti transpò esansyèl nou an."

Manm Konsèy Vil New York Ian Francisco Moya te deklare, "Eksperyans New York la kòmanse nan moman vwayajè a rive e sa vle di nou dwe akeyi li avèk enstalasyon

ak sèvis ki refilete epòk jodi a. Transfòmasyon Tèminal B Ayewopò LaGuardia a antre nan kad efò nou yo pou ankouraje touris nan Vil New York, ki enpòtan anpil pou ekonomi lokal nou an ak retablisman nou anba COVID-19."

Prezidan Minisipalite Queens Ian, Donovan Richards Jr. te deklare, "Jodi a n ap selebre yon gwo etap nan renovasyon Ayewopò LaGuardia, ki se yon pòt antre nan rejyon nou an ak yon poto mitan ekonomi awondisman nou an. Pwojè renovasyon vital sa a ap bay fanmi Queens yo ak tout Vil New York ayewopò klas mondyal yo merite a. Mèsi anpil Gouvènè Hochul, Otorite Pòtyè, LaGuardia Gateway Partners, ak tout moun ki ede sa fèt."

Gary LaBarbera, Prezidan Konsèy Metye Konstriksyon Greater NY, te deklare, "Gwo etap sa a make yon lòt pa enpòtan nan repanse avni Ayewopò LaGuardia kòm yon plak tounant transpò klas mondyal New York kapab fyè di se pa li. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul pou lidèchip eksepsyonèl ak efikas li nan fè pwojè esansyèl ki pote transfòmasyon sa a vanse, epi an menm tan nan kreye plizyè milye karyè klas mwayèn avèk avantaj pou gason ak fanm k ap travay di yo nan fè vizyon sa a vin yon realite. Manm yo nan Konsèy Metye Batiman ak Konstriksyon an pran angajman fè Tèminal B LGA a vin yon poto mitan nan enfrastrikti transpò New York la nan ane k ap vini yo."

Ofisye Egzekitif an Chèf nan LaGuardia Gateway Partners, Frank Scremin, te deklare, "Nouvo Tèminal B LaGuardia a se kwann nan pwa pou moun New York yo, pou avni avyasyon, ak pou sa yon kolaborasyon ant sektè piblik ak prive yo kapab akonpli. Te gen anpil rekalsitran, men depi nan kòmansman pwojè sa a, nou te di nou t ap bay vil nou an yon ayewopò klas mondyal. Jodi a, gras a lidèchip biwo Gouvènè a ak Otorite Pòtyè a, kolaboratè nou yo nan finansman, jesyon ak konstriksyon, yon kantite ki bat rekò biznis ki gen kòm mèt minorite ak fanm, ak sipò san fay moun New York yo, nou fè sa fèt. Nouvo Tèminal B a se egzanp pafè yon enstalasyon ayewopò 21yèm Syèk ki konsantre sou eksperyans pasaje a ak sa ki ka akonpli lè nou tout travay ansanm."

Premye pasrèl doub pou pyeton nan lemond nan ap sèvi galri separe

Kòm youn nan eleman achitekti ki pi distenge yo nan Tèminal B a, pè pasrèl yo janbe vwa sikilasyon avyon aktif, pou konekte nouvo galri arive ak depa plen limyè yo avèk de galri separe, ki yo tout gen konsesyon ak komodite klas siperyè pou pasaje yo.

Konstriksyon toude pasrèl yo te pèmèt yo bati plis pase twa lòt kilomèt espas sikilasyon, sa k ap redui reta pou arive ak depa yo e ap ede kliyan yo ale san pwoblèm nan pòt anbakman yo. Avyon yo ap woule anba pasrèl lès la depi prentan 2021 e y ap kapab woule anba pasrèl lwès la kòmanse nan ete 2022 a. Pasaje k ap pran nouvo pasrèl yo pou yo ale nan pòt anbakman Tèminal B yo pral jwi panorama mayifik orizon Manhattan nan.

Avèk yon longè 482 pye ak yon wotè 60 pye anlè atè a, de (2) pasrèl pou pyeton yo te yon eleman esansyèl nan konsepsyon nouvo tèminal la. Pon doub la enpresyonan nan

pwendvi achitekti, men li garanti tou avyon k ap woule yo gen de (2) fason pou yo antre oswa sòti nan pòt anbakman yo.

Depi 2020 kliyan yo ap sèvi ak youn nan pasrèl ki fini yo pou ale nan pòt anbakman lès yo nan Tèminal B. Konsepsyon galri separe marasa tèminal la ofri plis espas ak opsyon pou avyon yo woule lè y ap pati ak rive. Anvan sa, mouvman avyon yo te kapab bloke poutèt te gen sèlman yon fason pou antre nan pòt anbakman yo ak yon sèl fason pou sòti.

Konsènan Pwojè Reyamenajman LaGuardia

An 2015, yon plan konplè pou konstwi yon Ayewopò LaGuardia totalman nouvo te devwale avèk objektif pou kreye yon eksperyans pasaje 21èm syèk ak klas mondyal ki gen ladan ekipman modèn pou kliyan yo, achitekti trè modèn, plis espas nan zòn pòtay yo ak yon sistèm tèminal ki konekte. Pwojè 8 milya dola a, ke yo ap finanse de tyè ladan li pa mwayen finansman prive ak frè pasajè aktyèl yo, te inogire an 2016.

An fevriye 2018, nouvo pakin Tèminal B a te ouvè avèk plis pase 3,000 espas pakin ak yon etaj ki konsakre pou Uber, Lyft ak lòt sèvis machin yo lokasyon yo. Nan mwa desanm 2018, yo te ouvri premye nan 18 nouvo pòtay yo ak premye nouvo sal datant Tèminal B a. Nan mwa oktòb 2019, Delta Air Lines te ouvri premye nouvo sal la ak sèt nouvo pòtay. An jen 2020, nouvo Galri pou arive ak depa a nan Tèminal B te ouvè pòt li.

Nan mwa out 2020, yon dezyèm galri nan Tèminal B te ouvè premye pòt anbakman li yo, epi gen lòt pòt anbakman ki te ouvè an desanm 2021. Nouvo galri arive ak depa Delta yo nan Tèminal C planifye pou yo ouvè nan prentan 2022. Tèminal B Ayewopò LaGuardia a te resevwa dènyèmman Pri Versailles 2021 UNESCO, rekonpans mondyal pou [pi bon ayewopò nan lemond](#). Gwo rekonpans sa a akonpli pwomès ajans la pou li transfòme sa yo te konsidere a yon epòk kòm ayewopò ki pi mal nan nasyon an, an yon enstalasyon klas mondyal ki pami sa ki pi bon yo nan nasyon an.

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)